

# KOVID BINGO

KOVID Bingo se yon jwèt ou ka jwe ak fanmi w, zanmi w ak moun ki pwoch w. Li pèmet ou detann w pandan w ap pran plezi w. Jwèt sila montre moun k ap jwe l yo prekosyon pou yo pran, pou yo pa trape KOVID. Se yon jwèt ki itilize foto pou montre tout moun k ap jwe prekosyon doktè yo rekòmande pou yo pa malad. Se yon jwèt ki montre tou enpòtans pou granmoun yo pran vaksen KOVID pou yo kenbe kò yo djanm, ansanb ak fanmi yo ak tout lòt moun ki ak viv nan menm kominote ak yo.

Chak tablo gen 16 fason diferan pou pran prekosyon pou pa trape maladi KOVID la. Chak jwèt gen youn ouswa plizyè potre. Chak jwèt kat bay esplikasyon tou kout sou yon fason pou pa trape maladi a.

## Enstriksyon:

**Ki sa dwe bezwen konnen pou ou ka jwe jwèt sa:**

- 2 – 4 jwè
- 2 – 4 tablo jwèt
- Jwèt sila gen ase pyès pou kouvri tout potre ki gen sou tablo yo. Men sa pa anpeche nou ka itilize grenn pwa, ti wòch, grenn mayi kòm pyès si yo fè plis sans pou nou. Men pa bliye voye je sou timoun ki poko gen 4 lane yo, pou yo pa mete pyès yo, grenn mayi yo oswa ti wòch nan nen, bouch ak zòrèy yo).
- Jwèt kat la (20 kat).

**Kouman yo jwe KOVID Bingo:**

1. Mete pil kat la fas anba (sa ki gen desen an) nan mitan tab la.
2. Chak moun dwe tann tou pa yo pou yon pran yon kat nan pil la. Apresa, moun la ap gen pou l bay jan li konprann foto kat ki nan men l lan.
3. Tout jwè gen pou gade tablo jwèt pa yo pou wè si yo gen yon imaj ki sanble ak sa ki te li anvan. Jwè yo ka fè koresponn nenpòt potre ak esplikasyon yo li yo, depi yo kapab bay bon jan esplikasyon sou li.
4. Si jwè yo jwenn yon imaj ki koresponn ak sa yo genyen nan tablo yo a, yo dwe fè yon ti kwa ak yon krayon oswa yon plim sou li.
5. Gen de jan moun ka genyen KOVID Bingo:

**Premyèman :**  
Premye moun ki rive li ouswa esplike tout potre ki sou tablo Bingo pa l la se li ki genyen jwèt la.

**Dezyèmman:**  
Lè yon jwè kouvri tout foto yo nan yon liy vètikal, orizontal oswa dyagonal, yo rele “Bingo” epi yo genyen.



© 2021 “KOVID Bingo” se yon jwèt Farmworker Justice (Jistis Travayè Agrikòl) ak Rural Women’s Health Project (Pwojè Sante Fanm Riral yo) fè, ak potre ki soti nan Rural Women’s Health Project (Pwojè Sante Fanm Riral) yo ak Noé Bautista.



Rural Women’s Health Project  
www.rwhp.org

HRSA Limit responsabilite nou: Health Resources and Services Administration (Sèvis Resous Sante ak Administrasyon) ki chita nan U.S. Department of Health and Human Services (Depatman Sante ak Sèvis Imen Etazini) finanse piblikasyon sa. Yo jwenn yon finansman ki vo \$625,000, ki 0% finanse pa sous non-gouvènmanal yo. Enfòmasyon ki genyen nan dokiman yo se lide otè yo epi yo pa nesèsman reprezante opinyon ofisyèl oswa dizon HRSA, HHS, oswa gouvènman Etazini an. Si w vle konn pi plis, tanpri ale sou HRSA.gov.